



Pou Piblikasyon Imedya: 23/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN PRÈSKE 14 MILYON DOLA KI DISPONIB POU PWOTEJE DLO PWÒP

*Yon apwoch de faz prezève dlo epi prezève dlo potab la*

*Yo bay finansman pou 91 pwojè agrikòl pou ede agrikiltè atravè Eta a abòde pwoblèm kalite dlo nan basen vèsan ki gen priyorite yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay apeprè 14 milyon dola pou pwoteje dlo pwòp atravè eta a. Finansman sa sipòte pwojè prezèvasyon kalite dlo atravè eta a, ap benefisye 91 fèm, epi yo bay li atravè pwogram pou Kontwole ak Redwi Sous Polisyon Agrikòl Dispèsè a (Agricultural Nonpoint Source Abatement and Control), ki abòde pwoblèm kalite dlo nan basen vèsan ki gen priyorite yo epi pwoteje anviwònman an.

"New York kontinye pran mezi desizif pou pwoteje aksè nan dlo pwòp atravè eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lajan sa ap itilize pou atenn alafwa objektif sa yo lè nou ankouraje mizanplas pwotekshyon vwa navigab ki rantab epi diminye enpak kabòn nou."

Yo te akòde pwojè a bay 25 Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo, nan non fèm yo, k ap soutni planifikasyon anviwònman ak mizanplas meyè sistèm pratik jesyon (best management practice, BMP), pou anpeche eleman nitritif ak lòt polyan posib yo antre nan vwa navigab yo. BMP yo enkli divès mezi, tankou, tanpon vejetativ arebò kouran dlo yo, jesyon sibstans nitritif yo atravè estokaj fimye, ak lòt mezi konsèvasyon tèren agrikòl yo.

Yo te akòde 27yèm faz sibvansyon Pwogram pou Kontwole ak Redwi Sous Polisyon Agrikòl Dispèsè a bay:

- **Rejyon Lwès NY:** 1,219,312 dola pou 4 fèm
- **Rejyon Finger Lakes:** 2,644,294 dola pou 30 fèm
- **Rejyon Southern Tier:** 1,323,984 dola pou 6 fèm
- **Rejyon Santral NY:** 3,867,030 dola pou 31
- **Rejyon North Country:** 1,935,559 dola pou 5 fèm
- **Rejyon Mohawk Valley:** 1,611,603 dola pou 3 fèm
- **Rejyon Distri Kapital:** 524,687 dola pou 2 fèm

- **Rejyon Mid-Hudson:** 411,100 dola pou 9 fèm
- **Rejyon Long Island:** 154,275 dola pou 1 fèm

Pou yon lis konplè pwojè yo akòde sibvansyon yo, tanpri vizite [sitwèb](#) Depatman Agrikilti ak Mache a (Department of Agriculture and Markets).

Pandan 25 lane ki sot pase yo, Eta New York kore pwojè ki kouvri 500 basen vèsan separe nan Eta a, pami yo 1,300 pwojè konsèvasyon fimye pou ede eksplwatasyon agrikòl yo ekilibre aktivman òf eleman nitritif la ak demann pou eleman nitritif pou kilti a, sa ki bon pou anviwònman an epi amelyore eksplwatasyon fèm nan. Yo kreye plis pase 324 ekta bann pwoteksyon bò dlo pou filtre eleman nitritif ak sediman, pwoteje dlo sifas, estabilize bò dlo yo, amelyore abita akwatik la epi redui konsekans inondasyon.

Anplis, plis pase 32,375 ekta kilti kouvèti ki te plante pou ede prevni ewozyon, amelyore sante tè a, epi ogmante matyè òganik nan tè a, ki kenbe plis imidite pou demann kilti yo pandan tout sezon kwasans lan. Kilti kouvèti yo kenbe kabòn tou, k ap ede kiltivatè New York yo konbat chanjman klimatik la. Nan faz 27 pwogram sa, y ap mete apeprè 8,094 ekta kilti kouvèti, y ap mete anplas. Tanpon rivren se yon lòt pratik ki pèmèt rezèv kabòn anplis li ofri benefis pou kalite dlo. Y ap mete anplas plis pase 12 ekta tanpon èbase epi ki bwaze pandan faz 27 la.

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare,** "Kiltivatè nou yo k ap travay ak Distri Sòl ak Dlo yo, fyè ke travay y ap fè a kite tè a pi bon. Pwogram Ag Non-Point ba yo resous yo bezwen pou fè travay enpòtan sa lè li pwoteje kò dlo yo, ki an retou ap ede Eta a atenn objektif klimatik li yo epi pwoteje resous natirèl nou yo, kounye a ak pou jenerasyon k ap vini yo."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos te deklare,** "Dlo pwòp enpòtan anpil pou sante ak sekirite kominote nou yo, anviwònman ak pwosperite ekonomik. Pa gen anpil gwoup ki konprann enpòtans dlo pwòp pi byen pase kiltivatè New York yo, ki pami gadyen anviwònmantal ki pi djanm nan eta nou an. Sibvansyon sa yo ap ede bay Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo ak kominote agrikòl yo, zouti ak resous yo bezwen pou mete anplas pwojè ak estrateje jesyon tèren ki garanti resous dlo ak kalite teren pou soutni eksplwatasyon agrikòl yo atravè eta a."

**Prezidan Komite Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo (Soil and Water Conservation Committee) Eta New York la, Dale Stein, te deklare,** "Sibvansyon ki anonse jodi a ap genyen yon enpak ki rive lwen, k ap ede kiltivatè sa yo, ak Distri Konsèvasyon Teren ak Dlo yo, amelyore sante teren an epi prezève kalite dlo nou pou ane k ap vini yo. Pwogram Ag Non Point lan te yon zouti enpòtan depi lontan nan travay nou pou pwoteje resous natirèl nou yo, epi plis toujou kounye a, pandan n ap travay pou konbat chanjman klimatik la."

**Senatè Michelle Hinchey te deklare,** "Antanke gadyen lidè nan resous natirèl nou yo, kiltivatè New York yo fè efò chak jou pou kenbe dlo nou yo pwòp epi san sous

polisyon. Dènnye faz sibvansyon sa ap ede lidè prezèvasyon sa yo kontinye travay yo pou garanti basen vèsan nou yo epi sipòte kapasite yo pou pwodwi manje lokal ki fre. Ak kriz klimatik la k ap entansifye, li pa t janm pi enpòtan pou rekonèt ke kiltivatè nou yo se yon ang nan estrateji diminisyon risk New York la epi ke pwogrè anviwònmantal nou an antanke yon eta lye ak patenarya ki solid ak kominote agrikòl nou an. Mwen kontan anpil dèske kiltivatè atravè Eta New York yo ap genyen aksè nan finansman enpòtan sa e mwen rekonesan pou sipò kontini Gouvènè Hochul ak Pwogram pou Kontwole ak Redwi Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a".

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Mwen rekonesan ke Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo Konte nou yo ka kontinye ede kiltivatè yo pwoteje resous natirèl vital New York yo. Pwogram Sous Dispèse Agrikòl la ede kiltivatè yo mete anplas pi bon pratik yo bezwen pou pwoteje vwa navigab nou yo. Sibvansyon nou yo fè yon gwo diferans, k ap sipòte kiltivatè nou yo pandan y ap fè fas ak anpil defi anviwònmantal ak finansye."

Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta New York la ap administre Pwogram pou Kontwole ak Redwi Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a an kowòdonasyon avèk Komite Konsèvasyon Sòl ak Dlo (Soil and Water Conservation Committee) Eta New York la. Pwogram lan fè pati kad Jesyon Anviwonmantal Agrikòl la (Agricultural Environmental Management), ki se yon efò ki pi global k ap ede kiltivatè yo reyalize pi bon kalite pwoteksyon anviwònmantal ak sistèm agrikòl ki pi efikas, ki pi rantab.

Pwogram pou Kontwole ak Redwi Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a apiye efò Eta a pou bay pwoteksyon ki istorik pou kalite dlo, ki enkli angajman 3.5 milya dola san presedan pou asire ke tout Nouyòkè gen aksè nan dlo ki pwòp ak mezi agresif li te pran pou konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)